Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 26 (7475)
26 Май
АрбагI
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Вакцинация

## Коронавирус цIидасан багъаризе рес буго



Араб анкьалда районалде хIалтIулаб сапаргун рачIун рукIана Дагъистан республикаялъул БетIерасул гIакълучи К. МухIамадов ва республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствалъул санаториябгун курорталъулал организациязул ва медицинаялъулгун реабилитациялъулал организациялъул отделалъул нач. С. Дибирова.

ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул лъай кьеялъул учреждениязул вакилзаби, ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби.

Къойил темаялда аслияб суаллъун гьеб дандчIваялда букIана муниципалитеталъул гIадамазе вакцинация гьаби.

Данделъи рагьулаго районалъул бетIерасул хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ зам. М. ХIамзатовас салам кьуна данделъаразе ва бихьизабуна нилъер районалда коронавирусалде данде вакцинация гьабиялъул иш цIакъго гIодобе биччараб темпалда унеб бугин. «Жакъа къоялде вакцинация гьабизе кколезул къадар буго 6627 чи, гьабун буго гIицIго 640 чиясе. Гьеб ккола цIакъго гIодобегIанаб къадар. Нилъеда бичIчIизе ккола унтиялда хурхун жакъа бугеб кIвар бугеб хIал. ХIажат буго киса-кибго гьеб суалалдехун жавабчилъиялда балагьизе»,-ян бихьизабуна М. ХIамзатовас.

Камил МухIамадовас тIадчIей гьабуна вакцинация гьаби цIакъго кIвар бугеб суал бугин. «Цо рахъалъ нилъеда бичIчIула вакцинация гьаби жидеего бокьун гьабулеб иш букIин. Нилъецаго гьабула хIукмо, гьабилищ вакцинация яги гьабиларищали. Гьеб тIадаблъун гьабун гьечIо. Амма цоги рахъалъ щивасда бичIчIизе ккола унтул лъабабилеб волна букIине букIин, гIемер кватIичIого унти цIидасан багъаризе рес буго. Гьеб цIакъ хIинкъи бугебги буго нилъее ва нилъеда аскIор ругезе. Дида бичIчIула социалияб сеталда гьелъул рахъалъ информация цIакъго данде кколареб букIин. Гьересияб рахъалъ гьеб чвахулеб буго кинабго рахъалдасан. Гьедин бугелъул щивас хIасил гьабизе ккола ва битIараб нух тIаса бищизе ккола»,-ян бихьизабуна республикаялъул вакилас.

Унтул рахъалъ хIинкъиялда гъоркь ригь арал гIадамал рукIин бихьизабуна кIалъалаго Саида Дибировалъги. Гьенибго гьелъ бихьизабуна лъимал рукIунин цогиязухъе кьолеллъун, амма иммунитет щулияб букIиналъ гьел жалго унтуларин. «Амма инфекциялъ жагъал гьаризе рес буго ригь араб гIел. ЦIакъго гьелдасан хIинкъи буго 60 сонидаса тIаде арал гIадамазе, хасго гьезул саназда сахлъичIел батIи-батIиял унтаби ругони, гьединаз нахъ бахъичIого вакцинация гьабизе ккола»,-ян тIадчIей гьабуна Минздравалъул вакилалъ.

Экзаменазул ва хIухьбахъиязул заман

## Лъимал раччиялъул суалгун

Араб анкьалда районалъул администрациялъул актовияб залалда букIана муниципалитеталъул лъай кьеялъул организациязул хIалтIухъабазул данделъи. Гьеб рагьана лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасановас. Данделъиялда гIахьаллъана Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул ОГИБДДялъул нач. Р. Мухтаровги.

Данделъиялъул къойил темаялде босун букIана ЕГЭ кьезе хIадурлъулел лъимал гьеб кьолеб ва хIадурлъулел бакIазде раччиялъул суал. Гьенив кIалъалаго Р. Мухтаровас бихьизабуна тIаде щолеб бугин лъимал экзаменал кьезе ва экскурсиязде, лагеразде раччулеб заман, гьенир лъимал квешабщиналдаса цIуниялъе кинабго гьабизе кколин. Гьес ракIалде щвезабуна апрель моцIалъул ахиралда Ставрополь трассаялда лъимал раччулеб автобусалъе ккараб авария. Гьеб букIана ракI гьанцIулеб иш, хвана 6 лъимер ва I2 язе ккана лъукъа-къотIи. Дагьаб цебегIан гьединабго иш ккана Кубаналдаги. «Дие бокьун буго лъимал раччиялъул заманалде гьабизе кколеб цIодорлъиялъул ва кIвар букIиналъул рахъ нужеда бичIчIизе. РукIине кколел тIалабалги тIуразаричIого цо росулъа цогидалъуре лъимал рачине нужер ихтияр гьечIо. Правительствалъул хасаб хIукмо буго гьел тIалабал тIуразаричIого лъимал рачани, I00 азарго гъурущ штраф бахъизе»,-ян бихьизабуна М. Мухтаровас.

– ГьабсагIаталда байбихьизе руго хIалхьиялъул лагеразде лъимал раччизеги. Кинабниги республикаялда хIалтIулеб буго 24 лагер.

(Ахир 4 гъумералда)

# Баркула!



Хинлъи кьеялъул энергетикияб комплексалъул хIалтIи цебетIеялъулъ лъураб захIматалъул кIудияб бутIаялъухъ ва гIемерсаназул ракIбацIцIадаб хIалтIухъ I степеналъул «За заслуги перед отечеством»,- абураб орденалъул медаль кьун буго нилъер ракьцояв, РусГидро – каскад Верхне-Волжскияб ГЭСалъул ФГК ПАОялъул бетIерав инженер МаламухIамад ГIабдулхIамидович ГIабдурахIмановасе. 202I соналъул II маялда гьелъие бугеб Указалда гъоркь гъулбасана Россиялъул Президент В. В. Путиница.

МаламухIамад ГIабдурахIманов гьавуна 1960 соналда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ. Меседил медальгун лъуг1изабуна росулъ гьоркьохъеб школа, лъугIизабуна Новочеркасскиялъул «Электрические станции» махщелалъе политехническияб институт.

М. ГIабдурахIмановас жиндирго захIматалъул нух байбихьана I982 соналда дежурнияв машинист-электрикасул сменаялъул начальниклъун х1алт1улаго, «Дагъэнергоялъул» ЧIикIаб ГЭСалъул РЭУялда. I989-I998 саназда бачунеб букIана «Сулахъэнергоялъул» ва «Сулахъэнерго» ОАОялъул Рихьуни ГЭС балеб дирекциялъул оборудованиялъул отделалъул начальникасул замасул хIалтIи, Авар ва ГIанди гIоразда ГЭСазул каскадазул ва Сулахъ бассейналъул оборудованиялъул начальникасул хIалтIиги.

I998-2008 саназда вукIана Рихьуни ГЭС баялъул «РусГидро ОАОялъул бетIерав инженерлъун ва «Сулахъэнерго» ОАОялъул техническияв директорлъун.

- 2008-20I2 саназда хIалтIана «РусГидро» ОАОялъул филиалалъул Рихьуни ГЭСалъул бетIерав инженерлъун.

М. ГI. ГIабдурахIмановасе кьун буго «За заслуги перед отечеством»II кIваралъул орден, ГОЭЛРОялъул Планалъ 85 сон тIубаялъул юбилеялъулаб каранда балеб гIаламат, щвана энергетикаялъул Министерствалъул ва «РусГидро» ОАОялъул гIемерал ХIурматалъул грамотаби.

МаламухIамад ГIабдурахIманов вуго ЕЭСалъул ХIурматияв гидроэнергетик. Дагъистан республикаялъул мустахIикъав гидроэнергетикги.

РакI-ракIалъ баркула М-М. ГIабдулхIамидовичасда цIияб хIурматияб шапакъат, гьарула хадусеб хIалтIуе ва гIумроялъулъ битIккей!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№26 (7475)
Арбагl
26 Май 2021 сон

2 гьумер

## ЦІодорлъи гьабе, цІидасан COVID

Дагъистанада ахирияб заманалда дагъабго къадаралда гьуърул унтарал ва COVID-I9 щаклъи бугел гІадамал цІикІкІунел руго. Ахириял къоязда I00 чи гьединазул больницабазда регизаруна. Гьелъул хІасилалда Дагъистаналъул Минздравалъ лъазабулеб буго халкъалъ коронавирусалде данде вакцинация гьаби хехлъизабизе кколин. Гьединго тІадеги тІалаб гьарулел руго больницаялъул койкаби.

---

Шамильхъалаялъул жамагІаталъул данделъи

# Поселокалда лъим чІезабиялъул суалгун



20 маялда Шамильхъала поселокалда букІана районалъул ва поселокалъул администрациязул вакилзабазулгун ва управляющияб компаниялъул нухмалъиялъулгунги г1адамазул данддчІвай. Гьениб аслияб суаллъун босун букІана поселокалде лъим кьабиялъул гьоркьоб къотІи ккеялъул рахъалъ суал. Насос лъикІ хІалтІулеб гьечІолъиялъ ва жанисел лъел мухъал басралъун рукІиналдалъун захІмалъаби рукІиналъ гІадамаз цІикІкІараб разилъи гьечІолъи лъазабулеб буго ахирияб заманаялда поселокалда.

Гьелъул хІакъалъулъ бицунеб данделъиялда гІахьаллъана районалъул бетІерасул замал Хъ-М. ГІабдулхаликъов, М. ХІамзатов, Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул нач. Э. МухІамадов, поселокалъул бетІер М-ХІ. ХІажиев, районалъул Собраниялъул депутатал, рухІиял ва цогидалги бакІазул церехъаби.

Шамильхъалаялда чІара-хьараб хІалалда



лъим биччаялъул хІалтІи графикалда рекъон гІуцІулеб гьечІолъиялъул хІасилалда гІемерал захІмалъаби дандчІвалел ругин цщим бахъун бицана гьениб гІумро гьабулез; рес гьечІо черезе, рукъ-бакІазда рацІцІалъи чІезабизе. Гьадинаб багІараб заманаялда гІумро гьабиялъул кинабго рахъ бараб букІуна лъеда.

Экономикияб рахъалъул суалазда хурхун бетІерасул зам Хъ-М. ХІажиевас данделъаразда бицана поселокалда лъим чІезабиялъе гІемераб хІалтІи гьабулеб бугилан. Гьедин гьеб рахъалъ бугеб хІал бихьизабулел кагътал ритІун руго къокъал болжалазда киналго иш тІаде кколел инстанциязде. 94-342/I8 номергун гьеб битІун буго РДялъул БетІерлъун цеве вукІарав В. Васильевасухъе. Гьебго соналъул 2І июналда поселокалъул водопроводалъул бугеб хІалги бихьизабун хитІаб гьабун кагъат битІун буго РДялъул Правительствалъул председатель А. Здуновасухъе. Нахъеги 20I8 соналъул 6 сентябралда № 94-576 /I8 бугеб кагъат битІун буго РДялъул вукІарав бетІер В. Васильевасухъе, гьебго соналъул 2І июналда хитІаб гьабун буго бакІал раялъул ва ЖКХялъул Министерствалде –М. Багичияевасухъе. А. Здуновасул цІаралда кагъат битІун буго 20I9 соналъул I февралалдаги, нахъеги Здуновсухъе битІун буго цойги кагъат. Иргадулаб кагъат битІун буго РДялъул БетІерасул полномоченнияв вакиласухъе кинабго рахъалъ лъел бугеб хІалги рагьун 20I9 соналъул 25 сентябралда. Гьединабго магІнаялъул кагъат битІун буго ПАО «РусГидро» филиалалъул директор, «Дагестанский филиал» Тимур ХІамзатовасухъе, 2020 соналъул 8 апрелалда кагъат битІун буго РДялъул бакІал раялъул ва ЖКХялъул Министерствалде. 202I соналъул I7 маялда кагъат битІун буго РДялъул Правительствалъул цІияв председатель ГІ-П. ГІамирхановасухъеги.

Гьениб бихьизабуна районалъул администрациялъ данде кколел органазде ва структурабазде поселокалъул лъел суал тІубаялъе ритІарал кагътазул (гьезул оригиналалги цІунун руго). Районалъул администрациялъ поселокалъул лъел суалалда хурхун ругел захІмалъабазул гІемер бицана гІадамазе ва гьабсагІаталдаги хІалуцараб хІалтІи унеб буго гьелда сверухъ. Цойги нухалъ ракІалде щвезабулеб буго, Правительствалде ва профильниял министерствабазде ритІулел руго хасал кагътал. Районалде республикаялъул министерствабазул кабинеталъул председатель ГІ-П. ГІамирханов вачІараб мехалъги ракІалде щвезабуна гьесда гьеб. Гьелдаса хадуб бахъана заманалда гьеб тІубазабиялъе ва тІадкъаял кьеялъе перечень, тІубазе кколеб заманги бихьизабун.

Гьедин РДялъул бакІал раялъул Министерствалъ РДялъул финансазулаб министерствалъгун цадахъ нух батулеб буго поселокалъе насосалъулаб станция босиялъе, гьеб босизе гІарац балагьиялъе. Гьелъ лъедалъун хьезаризе руго Шамильхъала поселок, ХинлъимитІа ва Рихъуни росаби.

Тольяти шагьаралдаса специалисталги ахІун гьабуна проекталъулабгун сметаялъулаб документация. Цебе буго хІалтІулаб рахъалдаса араб насосалъулаб станция хисиялъул суал, амма кида гьел ишазе республикаялъул бюд-жеталдаса гІарцал риччалилелали лъалел гьеч1о. ХІисабалде босун буго щивав поселокалда гІумро гьабулесе I200 куб. лъел чІезабизе, гьелъул норма абуни буго 205. Гьединго лъим гІолеб гьечІо риидал рекьарал жал лъалъазе гІемерал гІадамаз хІалтІизабулеб букІиналъги, гІадамаз гьелъул цІуна-къай гьабулеб гьечІолъиялъул х1асилалда.



ХІурматиял поселокалда гІумро гьабулел! ГІадамал ракІарараб бакІалда кІалъалаго культура бихьизабе! Сабру гьабе ва гьелдаго цадахъ киналго цадахъ рекъон гьабизин гьеб хІалтІи. Нухмалъиялъулги мурад гуро бугеб гІадамал лъим гьечІого тей ва цогидалги тІадал ишал тІурачІого хутІи. Киналъулго нижедаги ургъел буго ва бичІчІула лъим гьеч1олъиялъ халкъалъецІикІкІарабрахІатхвейгьабунбукІин. Сабру гьабе гьабулелъулъ, кІалъалелъулъ, ахІи-хІурал гьарун, санагІатбахъиял гьаруге! Киназего рекъел ва лъикІлъи гьарула, нужее!.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 26 (7475)
Арбаг1
26 Май 2021 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере











# Лъимал раччиялъул суалгун



Дагъистаналда лъимал лагеразде раччиялъе тендералда бергьана цо чи. Гьеб суалалда хурхун кьварарал хал гьарият рукIине руго. Дие цIакъ бокьун гьечIо нужер гIадлуги хвезабун штрафал рахъизе». Гьес тIадчIей гьабуна тIадехун бихьизабураб хьатIулин спортивиял школазда, мадрасабазда ва лъималазул ахазда.

Гьединго данделъиялда тIадчIей гьабуна ЕГЭялде хIадурлъиялда ва цогидалги кIвар бугел суалазда

# Школазда экзаменал байбихьана



24 маялда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалда байбихьана районалъул школазул 9 класс лъугIаразул ОГЭ кьезе. Гьеб кьезе киналго районалъул школаздаса поселокалъул школалде рачIана 272 цIалдохъан. Кинал рукIаниги гIиллабаздалъун гьеб къоялъ экзаменал кьезе рачIинчIезе гьеб кьезе рес буго нахъисеб резервнияб къоялъ. 25 маялъ байбихьула районалда экзаменал II класс лъугIун унезулги.

Исана дагьалго хиса-басиял ккана ОГЭ ва ЕГЭ кьолезул экзаменазулъ. Гьелъул хIакъалъулъ бицана Шамильхъалаялъул школалъул директор Гъ-М. ГъазимухIамадовас. «Цебе аслиял предметаллъун киналго школазе рукIана гIурус мацI ва математика. Исана гьелъулъ ккана дагьалго хиса-басиял. Математика хадубккун базовияблъун ва аслияблъун рикIкIунеб гьечIо ОГЭ ва ЕГЭ кьолаго. Аслияблъун хутIулеб буго гIурус мацI. ХутIарал предметал школлъималаз жидецаго тIаса рищула специальность тIаса бищулаго,-ян бицана школалъул директорас.

– Гьединго тIадегIанал цIа-лул заведениязде цIализе лъугьунарез кьезе кколаро ЕГЭ. Гьез кьола ПачалихIъиябгун выпускнияб экзамен ва щола аттестат. ВУЗазде цIализе лъугьунез тIаса рищула профильниял предметал ва гьелда рекъон кьола ЕГЭ.

ОГЭ кьеялде школалда гьабун буго кколеб хIадурлъи, цIунун руго хIинкъи гьечIолъиялъул киналго рахъал. Школалъул территориялда дежурство гьабулеб буго полициялъул хIалтIухъабаз. Педагогаз абуни хъаравуллъи кколеб буго экзаменал ритIухълъиялда иналда хадуб. Коронавирус тIибитIизе биччангутIиялъеги киналго рахъал хIисабалде росарал тадбирал гьарулел руго. Экзаменал кьеялъе гьира-цIаялда руго цIалдохъаби, хIадурлъун руго гьел, амма дагьалго ургъалилъе ккун руго. ОГЭ кьезе хIадурун буго кинабниги 22 аудитория»,-ян бицана Гъ-М. ГъазимухIамадовас.

# «Порядок возмещения личных затрат застрахованных приполучении первичной и специализированной медицинскойпомощи в рамках территориальной программы».

Можно ли вернуть деньги, потраченные застрахованным пациентом на лекарства и медицинские средства, которые должныбыли быть ему предоставлены в рамках программыгоударственных гарантий? Да, можно. При этом главнымоснованием для возврата будет тот факт, что лечение пациентадолжно было быть профинансировано из средств ОМС, но пациентпри этом понёс дополнительные расходы.

В нашей стране существуют две медицинские программыстрахования базовая и территориальная.

Базовая действует по всей стране, и ею могут воспользоваться всеучастники программы страхования.

Территориальная отличается в зависимости от конкретного регионаи предполагает дополнительные льготы для некоторых категорийнаселения. Поэтому особенности территориальной программы,финансирование которой обеспечивает ФОНД ОМС можетизменяться в различных регионах.

Медицинские услуги по ОМС могут оказывать как государственные,так и частные медицинские организации, работающие в системеОМС. Важно, чтобы медицинская организация соответствовалавсем необходимым требованиям (наличие лицензии,соответствующая материально – техническая база, кадровоеобеспечение и т.д.)

Чтобы иметь право на возврат средств, у пациента должно иметсяподтверждённое врачом заболевание, ситуация, когда медицинская организация, в которой лечиться больной, по той илииной причине, не может оказать помощь и пациент вынужденпреобретать медикаменты или инструменты за свой счёт. Для возврата средств за лечение понадобятся следующиедокументы:

Паспорт,

Полис ОМС,

Копия медицинской документации (выписка из истории болезни),листа назначений или иного документа, подтверждающего диагнози назначенное лечение, документы о понесённых расходах при покупке медикаментов илимедицинских изделий (чеки, квитанции),Номер банковского счёта, куда планируется возврат средств.

Алгоритм действий:

Обращение пациента в страховую компанию с заявлением и всемиуказанными выше документами. Заявление рассматривается встраховой компании 30 дней, далее принимается решение. Приположительном решении деньги зачислят на счёт пациента.

Если страховая компания приняла отрицательное решение, пациент имеет право обратиться в суд.

Правомерный отказ будет в случае:

Если медорганизация не работает в сиситеме ОМС,Если нет назначения врача и пациент купил себе лекарство сам посвоему желанию,Если пациент оплатил лекарства, которые не входят в бесплатныйсписок по программе ОМС.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный аттестат об окончании Шамилькалинской средней общеобразовательной школы, выданный в 2004 году на имя Амиралиева Амирали Карагишиевича, серия Б 1474744 считать недействительным.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 25. 5. 2021 г. 17.15
фактически -18. 20 мин.
.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.